



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU ADOPSYON LWA SOU
DIMINISYON ENFLASYON AN NAN SENA A**

"Mwen bat bravo pou Lidè Majorité a Schumer ak Demokrat nan Sena yo dèske yo jwenn yon akò sou Lwa pou Diminye Enflasyon 2022 a. Lejislasyon konpwomi a fè investisman ki enpòtan pou abòde kriz klima a atravè investisman k ap diminye depans sèvis piblik yo pou Nouyòkè yo chak jou epi favorize pwodiksyon enèji renouvlab ki nesèsè pou reponn ak objektif diminisyon emisyon nou yo. Dapre lejislasyon sa, Nouyòkè yo ap obsève tou depans swen sante ki diminye ak yon ekstansyon nan sibvansyon ki enpòtan pou asire ke asirans rete nan pri ki abòdab. Pou sipòte pwogram enpòtan sa yo, pake a finalman siprime brèch fiskal depi lontan sou sosyete yo.

Mwen mande kòlèg mwen yo nan Chanm Reprezantan an pou adopte rapidman lejislasyon sa, pou li ka rive nan biwo Prezidan Biden rapidman pou siyati li — epi pou soulajman ka rive jwenn Nouyòkè yo pi rapid ke posib."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)